

Rezystans Sivil PREMYE KOUDEY

Civil Resistance: A First Look

International Center on Nonviolent Conflict, 2011

Tradiksyon: Ms. Marie Carmel Berrouet, Janvye 2021

Evalyatè: Mr. Jean Sonel Basquin

Rezistans Sivil

PREMYE KOUDÈY

Kisa Rezistans Sivil Ye ?

Rezistans Sivil se yon mwayen pou sitwayen nan yon sosyete batay pou dwa, libète ak jistics san yo pa itilize vyolans. Moun ki angaje nan mouvman rezistans sivil itilize plizyè taktik tankou grèv, bòykòt, soulèvman popilè elatriye pou yo rive reyalize bon jan chanjman sosyal, ekonomik ak politik. Atravè mond lan, rezistans sivil gen plizyè non –batay san vyolans, aksyon sivik, pouvwa popilè, defi politik, mobilizasyon sivik – men kèleswa non yo ba li, an reyalite, fòs dinamik rezistans sivil la toujou rete sa li ye a.

Mouvman rezistans sivil pwisan paske yo ankouraje patisipasyon tout moun nan yon bann aksyon pou reziste kont opresyon ; pou fè sa yo ofri sipòtè yo yon novo vizyon pou yon sosyete pi lib, pi jis ak posibilité pou yo atire menm moun ki ranfòse ansyen sistèm nan. Depi pèp refize kopere, obeyi ak dirijan ki pa jis, sistèm nan vin gen gwo pwoblèm pou l fonksyone. Lè yon latrìye moun chwazi dezobeyi, sistèm nan paka kenbe. Kidonk li gen de (2) chans : chanje oswa tonbe. Men lè opozan mouvman rezistans sivil yo byen ame, byen estriktire, sa rive souvan ke yo pa kapab konbat dezobeyisans popilè a san pran souf, ak boulvès sivik san limit, ki byen kore sou defi estrateji san vyolans.

“Sa ki fondamantal nan yon batay, se atire atansyon. Batay nan yon sans ke pèsonn pa okipe w se lave men siye atè, se gaspiye jefò. Si w ap batay ou fèt pou atire atansyon tout jan w kapab sou koz wap defann nan”. – Mkhuseli Jack

Se rezon sa a ki fè anpil mouvman rezistans civil ak kanpay pote laviktwa sou yon bann advèsè. Nan syèk ki sòt pase a, chak dis lane, nan sis kontinan, mouvman popilè ki itilize estrateji san vyolans kapote rejim kraze zo, reyisi reziste kont okipasyon militè, epi pote plis jistics ak libète nan sosyete yo. Pa egzanp, rezistans civil te jwe yon wòl fondamantal nan mete fen nan rejim apartheid la nan peyi Sid Afrik; yo te itilize li pou avansman mouvman dwa fanm, mouvman dwa civil ak dwa travayè nan peyi Etazini; li ranvèse diktatè nan peyi Filipin, Chili, Endonezi, Sèbi ak lòt kote; yo te itilize li pou bloke okipasyon etranje nan peyi Dànmak ak nan Lès peyi Timò; rezistans civil la te jwe gwo wòl nan endepandans peyi Lend ke Grann Bretay te okipe; li te bwouye eleksyon fo mamit nan Lès Eròp yo; mete fen nan okipasyon peyi Siri, nan peyi Liban; epi tou yo te itilize li nan anpil lòt peyi pou etabli dwa moun, jistics ak gouvènman demokratik ki gran moun tèt yo.

Eleman kle yo



Rezistans Civil Kont Etik San Vyolans

Rezistans civil se yon fòm deba politik. Etik san vyolans se yon ansanm prensip ki defann utilizasyon vyolans. Moun ki patisipe nan mouvman rezistans civil ki reyisi, tankou batay pou endyen yo te gen endepandans yo ak mouvman dwa civil nan peyi Etazini, te preche etik san yolans. Men, pa gen anyen nan koze rezistans civil ki ekzije moun kap pratike li yo swiv aksyon san vyolans nan sitiyasyon pou defann prensip lan. An reyalite, nan tout listwa, li ta sanble ke majorite moun ki pratike rezistans civil pat motive pa etik san vyolans. Okontré, yo te jwenn ankourajman nan lide ke rezistans civil se te sèl mwayen kite pi efikas pou yo te deklanche batay la.

Opinyon Monolitik Kont Opinyon Pliralist Sou Zafè Pouvwa

Nan anpil sosyete, yo genyen yon apwòch sitou monolitik sou pouvwa, sa vle di ke yo wè moun ki pòv yo kòm moun ki depann de bòn volonte, desizyon yo ak sipò gouvènman an ak lòt enstitisyon yo. Yo wè pouvwa kòm zafè gwo zotobre kap byen mennen, ki chaje ak lajan epi ki gen kapasite pou fè vyolans. Pouvwa monolitik la wè pwòp tèt li, otonòm, dirab epi yo paka change li fasilman.

Poutan, rezistans sivil la baze sou differan prensip ki jwenn eksplikasyon yo nan opinyon pouvwa pliralist, ki konsidere gouvènman yo ak lòt sistèm ki gen pouvwa nan men yo kòm depann de obsèvasyon ak konsantman pèp la. Nan yon vizyon pliralist, pouvwa a konsidere kòm baz sou konfirmasyon ak patisipasyon anpil pati nan sosyete a. Sitiyasyon ide yo oswa plan yo dinamik, yo pa fiks epi yo ka chanje, souvan, repete e san atann, li toujou depann de kapasite li pou li ranfòse sous li gras ak konkou anpil enstitisyon ak anpil moun. Nan sans sa a, mouvman rezistans sivil la devlope estrateji yo sou opinyon moun ki kapab òganize kokennchenn kowalisyon nan sosyete civil la pou simaye konfizyon nan desizyon gouvènman an ki kapab netralize oswa ranvèse li tou.



Travay Omisyon ak Travay Komisyon

Pratikan rezistans sivil atravè listwa te toujou itilize plizyè santèn taktik differan. Yo kapab divize pratik sa yo an de (2) kategori. Travay omisyon an se taktik kote moun yo sispann fè yon bagay ke nòmalman yo sipoze oswa yo oblige fè. Nan egzanp travay sa yo, nou ka site grèv travayè, refize peye taks ak bòykòt konsomatè. Travay komisyon an se taktik kote moun yo koumanse fè kèk bagay ke nòmalman yo pa sipoze fè oswa yo entèdi yo fè. Nou ka site kòm egzanp nan travay sa yo : pwotestasyon, soulèvman popilè, sitin ak lòt fòm dezobeyisans sivil. Sekans estratejik taktik sa yo ogmante depans mouvman opozan yo pou yo ka kenbe yon nivo. Anplis, li kapab ankouraje tout kalte moun pote kole nan rezistans lan, piske chwa taktik yo ka varye – anpil gwo danje, ti danje, piblik ak prive, konsantre oubyen dekonsantre – yon fason pou facilite patisipasyon plizyè sektè nan sosyete a.

Init, Planifikasyon ak Disiplin San Vyonans

Twa prensip bazik pou yon rezistans sivil reyisi se init, planifikasyon ak disiplin san vyolans. Init devlope nan mobilize differan sektè nan sosyete a, ki depi kòmansman pat gen menm revandikasyon, alantou yon objektif komen yo fikse. Planifikasyon an se estrateji yo itilize pou òganize sekans kanpay, ak taktik ki baze sou analiz avèk swen pou tout kondisyon ak opòtinite ki prezante pou aksyon. Sa

mande tou pou prevwa posibilite echèk epi gentan planifye fason pou kontrekare yo. Disiplin san vvolans vle di tou angajman estratejik pou itilize taktik san vvolans sèlman, paske vvolans redwi patisipasyon pèp la, li pote nwizans pou lejitimite mouvman an, li diminye sipò entènasyonal la epi redwi chans yo nan chanjman yon rejim.

Dis Keksyon

1. Kouman dirijan pwisan jwenn defèt nan men kèk senp sitwayen ki sèvi ak rezistans civil kòm zouti?

Pa gen okenn dirijan ki natirèlman pwisan. Dirijan yo pwisan sèlman lè yo genyen sipò dirèk oubyen endirèk anpil anpil moun nan sosyete a. Pou yon dirijan kenbe kontwòl pouvwa li fòk lapolis, lame, lajistik ak biwokrasi a fè travay yo. Fòk tout moun nan sosyete a al travay regilyèman, peye taks ak lwaye, achte nan makèt ki sipòte biznis ke leta lisansye oubyen posede. Moun ki fè biznis kago, sa ki travay nan transpò, nan komunikasyon ak lòt domèn ki itil, dwe kontinye ap travay pou zafè yo mache epi pou yo ka bay sèvis yo.

Sa yo se sèlman kèk egzanp nan yon gwoup ki enpòtan anpil pou yon sistèm byen mache paske san yo li paka fonksyone. Òganizatè rezistans civil yo ki byen konprann sa a, devlope yon bann estrateji pou kraze sipò sa yo epi rann nivo a difisil pou li kenbe. Mobilize yon bann ak yon pakèt moun pou kreye divèjans ak pou fè manifestasyon kapab diminye lejitimite dirijan yo, sitou si yo itilize represyon pou anpeche popilasyon an ekzèse dwa li. Nan pèsistans pou destabilize pouvwa kontwòl leta a, mouvman rezistans yo kapab pouse dirijan yo depanse tèlman pou yo kenbe, ke yo rive nan pwen kote menm moun kap defann yo koumanse gen dout sou lavni sistèm nan. Yon fwa lwayote sipòtè yo diminye, tout fòm opresyon vin difisil pou ranfòse.

2 Kijan Rezistans Sivil la Koumanse ?

Anpil kanpay rezistans civil koumanse nan devlope kapasite senp sitwayen yo pou yo pase alaksyon. Taktik ki pa gen anpil risk sou plan lokal, pou ankouraje moun òganize yo, epi kreye inite pami yo ka gen anpil enpòtans. Pa egzanp, anvan Gandhi te lanse premye gwo kanpay rezistans civil li a nan peyi Lend,

li te pase anpil mwa ak anpil lane ap vizite epi pale ak pèp la, pran enfòmasyon sou revandikasyon yo, espwa yo, ak laperèz yo. Li vin devlope saw taka rele sans pou li genyen soutyen ak konkou pèp la. Lè sa a atò, li tanmen ankouraje moun yo, angaje yo nan “aktivite ki konstriktif” – tankou sèvis kominotè ki bon pou yo tout, ki fè yo vin otonòm, sitou sila yo ki te pèdi konfyans nan leta a, men ki te santi yo pat gen okenn mwayen pou yo reyaji.

Yon fwa kanpay yo vin atenn ase kapasite pou yo angaje yo nan fòm rezistans sivil ki pi dirèk, yo souvan koumanse ak aksyon ki atake pwoblèm lokal yo ki rive nan zòrèy plis moun. Pa egzanp, òganizatè mouvman Solidarite nan peyi la Polòy te koumanse ak yon grèv travayè nan yon chantye naval. Kou yo jwenn viktwa pou yon pwoblèm, yo monte yon sendika, sa vin gen yon kokennchenn enpak sikolojik sou eleksyon nan tout peyi a, e mouvman an te pran fòs. Menm jan tou, mouvman dwa sivil nan peyi Etazini vin pran yon vîtes siperyè apre sitin ak bòykòt ki reyisi mete fen nan zafè eksklizyon nan magazen ak bis nan kèk vil nan sid peyi a. Gras a siksè sa yo, mouvman an vin enpoze pouvwa rezistans sivil la, epi tou rapidman, li vin gen rekonesans nasyonal ; konsa, anpil moun tonbe swiv li.

3 **Kouman pou mwen òganize manifestasyon ?**

Moun kap planifye estrateji yon mouvman dwe idantifye objektif yo, teste fòs yo, feblès yo, kapasite mouvman an tankou kapasite opozan yo, epi ki èd twazyèm pati ak aktè ekstèn yo ka ofri. Lè yon mouvman defini aklè objektif kout, mwayen ak alontèm li yo, e li te fè yon analiz detaye ak estrateji sou sitiyasyon li, li twouve li nòmalman nan yon meyè pozisyon pou li chwazi ki taktik li vle anplwaye. Kounye a, si mouvman an chwazi manifestasyon pou pwoteste kòm taktik prensipal, ak si li deside aprann kouman pou li fè yo reyisi, li chaje ak resous disponib pou detaye dimansyon taktik ak teknik li bezwen pou li pase alaksyon.

4 Si Se Pa Pwotestasyon, se kisa ?

Anpil moun panse ke manifestasyon se aktivite prensipal nan mouvman rezistans sivil. Epoutan, pwotestasyon se yonn nan plizyè kalite taktik pratikan rezistans sivil ka itilize nan konba yo a. Yo gen chwa pami plis pase 200 taktik aksyon san vyolans ke yo idantifye. Men kèk egzanp taktik rezistans sivil, pami anpil lòt: yon gran varyete bòykòt (konsomatè, politik ak sosyal); grèv, ralantisman travay, refi peye lwaye, taks ak frè, petisyon; dezobeyisans sivil, sitin, barikad ak devlopman enstitisyen paralèl.

Chwa ak sekans taktik yo depann de evalyasyon mouvman an fè sou sitiyasyon li yo, tankou kapasite ak objektif li yo. Si yon mouvan pa fò ase, li kab konsidere taktik dispèsyon ki pa gen twò gwo risk tankou bòykòt oswa ekspozisyon anonim senbòl, nan lide pou bati kapasite mouvman an, fè mesaj li yo pase, ak/oswa simen konfizyon nan opozisyon an. Pi devan, lè mouvman an koumanse pran chè, li posib pou li pran fòm aksyon ki pi konsantre tankou rasanbleman, mach, manifestasyon pou pwoteste, dezobeyisans sivil an foul.

Li enpòtan pou nou sonje ke paske souvan manifestasyon se aksyon ki pi familye pou moun kap aplike rezistans sivil, sa pa vle di ke yo se sèl oswa pi bon aksyon ki ekziste. Selon sitiyasyon an, gen anpil lòt taktik ki ka bay pi bon rezulta, epi kap koute mouvman an mwens. Kreyativite ak panse estratejik enpòtan anpil nan deside ki taktik pou anplwaye.

5 E Si Mouvman an Pa Gen Lidè karismatik ?

Gen anpil mouvman istorik ki aplike rezistans sivil san lidè karismatik ki bay bon jan rezulta. Mouvman kont apartheid nan peyi Sid Afrik te gen anpil siksè pandan lidè li a te nan prison. Sak ki pi enpòtan pase cham pèsonèl ak kapasite langaj lidè mouvman rezistans sivil yo se konesans sou fason pou reprezante ak koute diferan kalte patisipan nan yon mouvman, epi pataje tout desizyon ki pran ak lidè lokal yo.

Anplis de sa yo, konte twòp sou lidè karismatik gen risk pa yo tou. Pafwa lidè sa yo konn makònennen ak lidè ki ofri yo pou pataje pouvwa ak yo, oswa yo ka arete yo. Mouvman ki rezistan, reprezentatif, òganize yon fason ke menm si

lidè yo ta oblige kanpe lwen, mouvman an kapab vin ak de novo lidè epi pouse pou pi devan.

6 E Si mwen Panse ke Rezistans Sivil la Pap bay rezulta nan Peyi mwen ?

Rezistans sivil pa toujou reyisi. Men li mache nan anpil peyi nan mond lan kote “ekspè” ak lòt moun ankò te panse ke li pa tap janm pran pye. Jeneral Augusto Pinochet nan peyi Chili te considere kòm yonn nan diktatè ki te pi brital nan mond lan, e anpil moun pat panse ke rezistans sivil ta pwal jwe yon wòl esansyèl nan mete do li atè plat, men se sa ki te rive. Pa gen anpil moun ki te sispek ke diktatè nan peyi Sèbi, Slobodan Milosevik alyas “Masakrè pèp Balkan an” tap fòse kite pouwwa anba presyon san vyolans. Men tou, lè Milosevik te pase twoup li yo ak lapolis lòd pou kraze santèn ak milye moun ki tap manifeste pou mande li bay talon li nan lane 2000, fòs sekirite li yo pat obeyi lòd li kont manifestasyon masiv sitwayen parèy yo. Milosevik pat gen lòt chwa ke deziste.

Si w kontinye ap doute ke rezistans sivil taka pa mache pou ou, ou ka toujou considere lòt altènativ posib, depi yo reyalis : refòme sistèm politik la alabaz ; patisipe nan eleksyon ; petisyon sistèm legal la ; angaje nan negosyasyon ak dyalòg ak advèsè yo ; mande sipò aktè entènasyonal yo, epi eseye rebelyon lame, se tout opsyon sa yo ke yo te eseye nan divès pati nan mond lan. Menm jan pou rezistans sivil, pa gen anyen ki bay asirans ke lòt aksyon posib yo ap reyisi.

Sa pou yon gwoup opozisyon oswa yon gwoup rebèl gen pou li deside se chwazi aksyon ki gen plis chans rale divès kalite moun dèyèl, defye lejitimite yon opresè, evite oswa netralize represyon an, epi kreye divizyon pami moun kap sipòte sistèm nan. Atravè listwa, nou jwenn anpil gwoup opozisyon ki te considere opsyon sa yo epi ki te chwazi engaje yo nan rezistans sivil, byenke pafwa yo te antann yo pou itilize mwayen ki pi tradisyonèl nan chanjman politik tankou eleksyon, defye la lwa, negosyasyon ak refòm alabaz sistèm anplas la.

7 E Si Advèsè mwen an Itilize Vyolans ?

Ou ta dwe atann ke gen de moman kote advèsè a pral sèvi ak vyolans. Istorikman, ka sa a te prèske toujou ekziste. Se vre ke itilizasyon vyolans advèsè a pa vle di ke mouvman rezistans sivil la echwe. Rezistans sivil gen plizyè fason li ka fè fas kare ak represyon vyolan, pou li rive diminye fòs li ak/oubyen fèl tounen mal kont opresè a.

Premyèman, pou evite oubyen redwi yon represyon vyolan, mouvman rezistans sivil yo ka koumanse itilize taktik ki difisil pou yo kontrekare vyolans lan. Pa egzanp, bòykòt konsomatè kote pèp la chwazi pou li pa achte sèten pwodyi byen detèmine, yon taktik ki pa fasil pou reprime, paske li desantralize epi li difisil, menm enposib pou yon rejim konnen ak asirans ki moun kap patisipe oswa ki pap patisipe nan bòykòt la. Si yo ta reprime manifestasyon pou pwoteste ak lòt taktik piblik konsantre yo, rezistans ki pa politik oubyen taktik desantralize ki pa fizik tankou refize peye frè oubyen taks, menm yon grèv jeneral ka pi bon opsyon pou siksè yon mouvman.

Dezyèmman, mouvman rezistans sivil yo ka itilize taktik inovatè pou fè represyon opozan yo tounen kont yo. Repòtay pou pèmèt tout mond lan wè sèn represyon yo, ak imaj, istwa sou sa kap fèt nan peyi a, ka lakòz ke represyon an vin koute plis ke mouvman an – an tèm de repitasyon entènasyonal ak envestisman – pase mouvman, Se pa tout represyon ki tounen kont moun ki aplike li yo, men yon fwa ke yon mouvman vin konplike, pran twòp tan, oswa mete aklè vye zak chokan ki nan represyon an, rezulta a se gwo pèt nan sipò piblik la ak nan sipò entènasyonal.

Twazyèmman, gen ka rezistans sivil, tankou Filipin nan lane 1986, Chili nan lane 1988, Sèbi nan lane 2000, ak Ikrèn nan lane 2004, kote manm fòs sekirite yo te abandone opozisyon an, sa ki rive redwi oswa elimine menm kapasite rejim nan pou li ta fè represyon. Defeksyon¹ fòs sekirite sa yo se te efò mwayen ak alontèm nan mouvman rezistans yo, kite gen pou objektif rive fè fòs sekirite yo trayi rejim nan.

¹ Abandone, absans

“Men poukisa represyon sa a pat bay rezulta yo te eskonte a. Paske li te tankou twazyèm lwa Newton nan aksyon ak reyakson. Lè ou ogmante nivo represyon an, rezistans lan ap monte tou ”. – Ivan Marovic

8 E Si mwen Paka konvenk Advèsè mwen an ?

Li pa nesesè pou konvenk yon gwoup moun difisil ki responsab opresyon an, pou genyen. Poutan, li ka nesesè pou konvenk kèk nan sipòtè advèsè w yo.

Sonje byen, rezistans sivil la fò anpil paske li chanje kwayans ak konpòtman anpil dizèn ak milye moun ki itilize yon kantite aksyon dirèk ak endirèk pou sipòtè opresyon an. Lè sous pouvwa advèsè w la febli, ke li konvenk oubyen non sa pa fè okenn diferans. Pouwva li vin tèlman redwi nan pwen ke li reyalize ke li paka kontwole konsekans yo ; e li oblige negosye tranzisyon an pou yon lòt fòm gouvènman.

Pa egzanp, nan lane 1985, bòykòt biznis blan yo nan vil Port Elizabeth nan peyi Sid Afrik, ke mouvman kont apartheid la te lanse, te lakòz tèlman anpil defisi ke yo te deside fòse gouvènman an chanje politik li yo. Yo pat kapab rive konvenk bizisman sa yo pou yo dakò ak objektif mouvman an, men yo te fòse yo rann kont ke li te fè plis sans pou yo te aksepte sa mouvman an tap revandike yo ke kontinye sipòtè represyon gouvènman an.

“An reyalite, se manifestasyon popilè ki te mennen chanjman nan peyi Sid Afrik...ki te mete presyon sou gouvènman an... pou finalman chanje bagay yo...kreye konfizyon total, yon enpas kote gouvènman an pat ka kenbe ankò”. Dr. Janet Cherry

9 Sa Pral Pran Anpil Tan. E Si nou Paka Tann ?

Rezistans sivil la pa toujou pran anpil tan pou li gen yon enpak. Pandan mouvman Solidarite a te tann dizan apre lansman li pou li te vin pran fòs, nan peyi Filipin, opozisyon an te pran sèlman kèk ane pou yo te òganize yo, epi chase sou pouvwa, diktatè Ferdinand Marcos. Sa ki detèmine siksè rezistans sivil la, se pa kantite tan li pran, men yon mouvman inifye ki bati sou bon jan aksyon estratejik.

10 Ki Jan Pou Nou Pote Lavikta ?

Ou gen plis chans pou reyisi si mouvman w lan oswa kanpay ou a devlope infinite popilè, bon jan planifikasyon ak yon disiplin san vyolans.

Inite enpòtan anpil paske mouvman rezistans yo pwisan lè yo reprezante volonte ak angajman yon majorite. Li enpòtan pou w sonje ke patisipasyon nan yon mouvman se volonte. Moun yo patisipe epi pran chans paske yo kwè nan mouvman an. Men si manke inite, si kòz la pa klè pou yo oubyen si yo gen dout sou li, yo ka prefere pa patisipe. An jeneral nouvman rezistans ki bay rezulta reyini gason ak fanm, timoun, moun andezaj ak gramoun, moun ki soti nan diferan asanble ak nan anviwonman etnik yo ; etidyan yo, travayè yo, entèlektyèl yo, manm nan kominate biznis la ak tout lòt moun.

Planifikasyon an se esansyèl paske rezistans sivil la se yon konpetisyon ant yon pwotagonis tankou kanpay, mouvman, gwoup sivik, ak advèsè li yo. Nan yon batay konsa, estrateji ak òganizasyon nesesè, pou fòme epi dirije kapasite mobilizasyon mouvman an. Nan rezistans sivil, lidè yo pran anpil desizyon estratejik ak taktik, tankou evalye kijan pou yo jwenn resous, meyè fason pou itilize resous sa yo, kouman pou yo eksplwate feblès advèsè yo, kouman pou yo defann tèt yo devan desizyon ki kontrekare objektif yo. Li difisil pou bon desizyon pran bridsoukou. Pou yon bon planifikasyon, gen Kèk bagay ki nesesè pou konnen. Premyèman, estrateji mande bon jan enfòmasyon sou kondisyon politik, ekonomik ak sosyal yo, epi konprann enterè ak aspirasyon divès gwoup ki nan sosyete a. Dezyèmman, nan mouvman estrateji, fòk ou konnen kouman rezistans sivil fonksyone, se bagay ou ka aprann nan eksperyans pèsonèl, nan lòt sous tankou liv, sinema, entènèt ak nan kominike ak moun ki gen eksperyans nan rezistans sivil ak òganizasyon politik.

Disiplin san vyolans enpòtan anpil paske vyolans nan yon mouvman redwi efikasite rezistans lan, epi souvan yo pwovoke oswa sanble jistifye represyon. Anplis, lè yon mouvman rezistans itilize vyolans, trè souvan li rate prezans moun nan sosyete a ki pap pran chans patisipe si gen risk vyolans. Finalman, lè yon mouvman angaje nan vyolans kont lapolis ak militè li vin enposib pou detekte moun pami defansè sistèm nan ki ka trayi li, epitou, si gen ladan yo ki

senpatize anba chal ak mouvman an, gen chans pou yo rale kò yo. Sa a se revè dinamik rezistans sivil pwojte, ki di ke sa mouvman an ap chèche – se yon meyè sosyete, yon sosyète pi lib, ki nan avantaj tout moun – epi pou aksyon mouvman an entèpele kouray tout kalite moun nan sosyete a, kèlkeswa anviwonman yon moun, yon fason pou li atire anpil nan defansè moun ki gen pouvwa yo, tankou sila yo ki vle fini ak sistèm nan.
